

TATA PANGIBADAH MINGGU PASKAH 5 - GKJ AMBARRUKMA

15 MEI 2022

Gedung Induk Papringan, jam 08.00 WIB

(Warni liturgis pethak, simbol/logo kembang Lily)

1. Pacawisan : Imam mimpin pandonga ing konsistori

2. Liturgos :

“Pasamuwan ingkang kinasih wonten ing Gusti Yesus, puji sokur kita unjukaken wonten ngarsanipun Gusti, kita saged pepanggihan wonten ing pangibadah Minggu, 15 Mei 2022 (Gangsal Welas Mei Kalih Ewu Kalih Likur) lumebet Minggu Paskah kaping 5 (Gangsal).

Atas nami Pradataning Pasamuwan GKJ Ambarrukma kula ngaturaken sugeng nindakaken pangibadah dhumateng Bapak Ibu ingkang rawuh wonten ing dalem pamujan punapa dene Bapak Ibu tuwin Sadherek ingkang nindakaken pangibadah wonten dalem utawi wonten ing papan dunungipun piyambak-piyambak lumantar giyaran langsung Youtube GKJ Ambarrukma.

Saderengipun tumapak pangibadah punika, kepareng kula ngaturaken sawetawis pawartos pasamuwan. (**maosaken pawartos**). Jangkeping pawartos saged dipun waos lumantar pawartos on-line ingkang saged dipun unduh mawi QR code ingkang saged dipun pirsani wonten ing layar monitor utawi android, punapa lumantar iber-iber ingkang sampun kacawisaken wonten grup whatsapp.

Dene kangge wujud saos sokur konjuk Gusti lumantar pisungsung, tumrap pasamuwan ingkang ing greja saged kaaturaken sakderengipun lumebet greja wonten papan pisungsung. Dene pasamuwan ingkang wonten dalem utawi papan dunungipun piyambak-piyambak saged kaaturaken lumantar Pradata, Kantor Greja, punapa transfer bank, saged ugi migunakaken sarana kode QRIS Code GKJ Ambarrukma lan kepara ing bangku palenggahan sampun tumempel kode QRIS punika.

Sumangga pangibadah kanthi irah-irahan **“Sih-Katresnan Mboten Mblenjani”** ingkang badhe kaladosaken dening Bapa Pendeta Purwantoro Kurniawan, kita wiwiti kanthi jumeneng, swawi ngrepenaken kekidungan **Kidung Pasamuwan Jawi Tiga Welas Pada Setunggal Lan Kalih, “Kula Sami Sowan” (KPJ 13 : 1, 2)**

- (1) Kula sami sowan, kaparing ana kakyatan mundhi timbalan
Mugi katedhakna pangwasaning Roh Paduka, nganthi kawula
Wit pangreh Paduka sestu andayani temah kula kwawi nglampahi.
- (2) Kula kasagedna ngundhangken sabda Paduka kalayan setya.
Ngungkurken kadonyan, nyelaki dhampar kaswargan sumber kraharjan.
Temah tyang sajadad, saguninging pra umat ngluhuraken Kang Amengku Rat.

(Kidung kawiwitan, Imam lan Pengkotbah lumebet dhumateng altar, Imam ngaturaken Kitab Suci dhumateng Pengkotbah sakderengipun Pengkotbah mapan dhateng mimbar.)

3. **Votum tuwin Salam Karaharjan:** *(Pasamuwan Jumeneng)*
- Pandhita : Sesarengan kita mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten:
- Sadaya : **Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**
- Pandhita : Sih rahmad lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwah Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu, lan sadherek sadaya.
- Pasamuwan : **Mekaten ugi ing panjenengan.**
- Sadaya : **5 7 i / 5 7 i . / 5 4 3 . /**
Amin.....Amin.....Amin

(Liturgos: Pasamuwan kula aturi lenggah.....)

4. **Lektor : Waosan Sabda Introitus : Jabur 119 : 137 - 144**
- Lektor : **“Mekaten sabdanipun Gusti”** *(Pasamuwan Lenggah)*
- Pasamuwan : **“Puji sokur konjuk Gusti”**

5. **Liturgos :** “Pasamuwan kagunganipun Gusti Yesus, Gusti Allah punika adil ing salami-laminipun. Sanadyan kita tinempuh wonten ing karibedan lan kasisahan, nanging pepakenipun Gusti Allah ndadosaken kabingahan tumrap kita sadaya. Sumangga, kita sami memuji sih-rahmatipun kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi Nem Likur Pada Setunggal Lan Tiga, “Pinuji Gusti” (KPJ 26 : 1, 3)**

- | | |
|--|---|
| <p>(1) Pinuji Gusti kang nitahken jagad,
 siyang ratri tan kendhat ngganjar sih rahmat.
 Halleluya, sagung puji tansah konjuk Gusti.
 Halleluya, sagung bekti mring Ratu Swargi.</p> | <p>(3) Pinuji Gusti Allah Sang Roh Suci,
 kang nuntun ing kraharjan wah kasampurnan.
 Halleluya, sagung puji tansah konjuk Gusti.
 Halleluya, sagung bekti mring Ratu Swargi.</p> |
|--|---|

6. **Pandhita : Sabda Andharaning Katresnan : Galati 3 : 17 - 22**

7. **Imam : Pacawisan Pamratobat**

“Pasamuwan ingkang dipun tresnani lan nresnani Gusti, punapa kita punika salah satunggaling umat ingkang netepi punapa ingkang sampun dados piwucalipun Gusti? Punapa kita sampun saged nglampahi gesang kanthi mboten nerak angger-anggering ingkang dipun karsa’aken Gusti? Punapa kita ugi tansah tumemen nyinau punapa ingkang wonten ing kitab suci minangka landhesan anggen kita sami nindakaken pakaryaning gesang? Pasamuwan kinasih, pranyata kathah ingkang dados karingkahan lan kekirangan kita wonten ing ngarsanipun Gusti.

Pramila sumangga sami kita cawisaken manah, sowan marak wonten ngarsanipun Gusti, nglenggana punapa ingkang dados karingkahan kita lumantar pandonga pamratobat. Kita purwakani kanthi rerepening **Kidung Pasamuwan Jawi Seket Gangsal Pada Setunggal Lan Tiga, “Kula Tyang Dosa” (KPJ 55 : 1, 3)**

- (1) Kula tyang dosa klangkung ageng, rinentahan palimirma.
Punika ngeram-eramaken, kawula sewu tan nyana.
Mangke tan wonten paniksa, mangke tan wonten paniksa
Ming rumentahing sih mirma, ming rumentahing sih mirma.
- (3) Sayogya kula gunggung-gunggung palimirmanipun Allah,
kang nglepataken saking ukum miwah nu cékaken manah.
Panggunggung kula tan liya, panggunggung kula tan liya,
ming bab rentahing sih-mirra, ming bab rentahing sih-mirra.

8. Imam: Pandonga Pamratobat

Sadherek kinasih, sumangga kita lumebet ing suasana pamratobat, kita dedonga:

“Gusti Allah ingkang maha welas saha asih, kawula sowan malih wonten ngarsa Paduka kanthi raos lingsem, awit kawula dereng saged nindakaken punapa ingkang dados karsa Paduka, mboten temen anggen kawula nyinau punapa ingkang sampun Paduka tetepaken lumantar kitab suci, satemah kawula kajurung nindakaken pakaryan ingkang mboten nyondhongi punapa ingkang Paduka karsa’aken. Kawula taksih nengenaken punapa ingkang dados pepenginan kawula piyambak, kawula taksih ngugemi dhumateng punapa ingkang dados kekiyatan kawula. Pramila dhuh Gusti, mugi Paduka tansah paring pangaksama awit dosa lan kekirangan kawula. Lumantar pamratobat punika mugi sadaya ingkang mboten sampurna, Paduka sampurnaaken.

Atur pamratobat kawula punika kawula unjukaken wonten ngarsa Paduka linambaran sih-katresnanipun Gusti Yesus Kristus, Juru Wilujeng kawula. Amin.”

9. Pandhita : Pawartos Sih-Rahmat : Rum 6 : 14

10. Pandhita : Pangatag-atag Gesang Anyar : 2 Korinta 7 : 1

11. Liturgos : “Pasamuwan kagunganipun Gusti Yesus Kristus, sumangga kita tansah sami konjuk sokur awit Gusti sampun nyucekaken punapa ingkang dados dosa lan panandhang kita lumantar sih-rahmatipun. Pramila sumangga kita sampurnaaken kasucen kita lumantar ajrih asih dhumateng Gusti. Sumangga kita wujudaken kesanggeman kita kanthi sesarengan ngrepenaken **Kidung Pasamuwan Jawi Satus Sangang Dasa Kalih Pada Setunggal Lan Tiga, “Isining Kabar Kabingahan” (KPJ 192 : 1, 3) Pasamuwan kula aturi jumeneng**

- (1) Isining kabar kabingahan winangsit ken dening Pangeran,
dadya srana paring piwulang margining kautaman.
Dimen tyang pitados tansah arumantos
mbangun turut Gusti, nresnani sesami.
- (3) Tyang sisah pinaringan lipur yen nampi sabdeng Kang Maluhur.
Tyang ringkih pinaringan kiyat, kasinungan sih-rahmat
Dimen tyang pitados tansah arumantos
mbangun turut Gusti, nresnani sesami.

(Liturgos : *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

12. **Wedharing Sabdanipun Gusti**

(*Pasamuwan Lenggah*)

a) **Pandhita : Pandonga Epiklese**

b) **Pandhita : maosaken YOKANAN 13 : 31 - 35**

c) **Pandhita : Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Haleluya.**

Pasamuwan: 1 1 | 3 3 0 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6 . 5 4 3 |

Hale- luya Hale- luya Hale - lu - ya

d) **Irah-irahan: “Sih-Katresnan Mboten Mblenjani”**

e) **Ancas : Jemaat diharapkan dapat memahami makna kasih seperti yang diajarkan oleh Tuhan Yesus serta menjadikan kasih sebagai dasar hidup bersama, sehingga dalam kasih tidak ada lagi pengingkaran.**

13. **Pisungsung**

Imam : “Lumantar sabdanipun Gusti Allah sampun nelakaken punapa ingkang dados piwucalipun, bilih sadaya kemawon ingkang dipun landhesi katresnan, mboten badhe mblenjani. Minangka panuwun sokur awit piwucalipun, sumangga kita ngaturaken pisungsung ingkang sampun kita cawisaken lan sampun kita lebetaken kanthong utawi kothak wonten ing wiwitan pangibadah kala wau. Pisungsung wekdal punika kapantha dados tigang kanthong, kanthong 1 lan 2 kagem pasamuwan, lan kanthong 3 kagem panyengkuyung dana griya emeritus. Pisungsung wulanan lan mirunggan saged dipun lebetaken amplop sinerat katerangan lajeng dipun lebetaken dhateng kotak utawi salah satunggaling kantong. Kagem Bapak lan Ibu ingkang nindakaken pangibadah giyaran langsung mawi kanal Youtube GKJ Ambarrukma, pisungsung saged dipun aturaken wonten greja utawi lumantar pradata ing wilayah punapa pepanthan, saged ugi misungsungaken lumantar kode QRIS GKJ Ambarrukma ingkang badhe dipun tayangaken nalika pisungsung kaaturaken.

Lelakone Para Rasul Bab Kalih Dasa Ayat Tigang Dasa Gangsal (Lelakone Para Rasul 20 : 35) minangka tetales pisungsung wekdal punika mratelakaken mekaten : **Tumrap ing sadhengah prakara aku wis aweh tuladha marang kowe, yen wong padha kawajiban nyambut gawe mangkono kagawe mbiyantu wong-wong kang sekeng sarta kudu eling marang pangandikane Gusti Yesus, sebab Panjenengane piyambak wis ngendika “Rahayu wong kang weweh, katimbang karo nampani.”**

Sumangga kita aturaken pisungsung wonten ngarsanipun Gusti, kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi Satus Suwidak Kalih Pada Setunggal Lan Kalih, “Katur Ngarsa Paduka, Gusti” (KPJ 162 : 1, 2)**

- (1) Katur ngarsa Paduka, Gusti sawetahing gesang kula.
Jiwa lan raga kula mugi aso nèng asta Paduka.

Manah kula tansah lipura, sumaos mring Kang Maha kwasa. Amin.

- (2) Srana Gusti kawula Yésus, Paduka paring Panebus.
Tresna miwah suka-pirena Paduka srahken mring kula.
Lamun tiyang purun ngakeni, Paduka tansah dipun lari.

14. **Pandhita : Pandonga Syukur lan Syafaat**

15. **Liturgos** : “Bapak, Ibu, lan Sadherek kinasih ing Gusti Yesus Kristus, sumangga sesarengan kita nelakaken **Pangaken Pitados Rasuli**. Pasamuwan kula aturi jumeneng

- a) Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.
- b) Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-anting, Gusti kawula.
- c) Inggih kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.
- d) Inggih nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.
- e) Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.
- f) Lajeng sumangka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,
- g) Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.
- h) Kawula pitados dhateng Roh Suci.
- i) Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.
- j) Punapa-dene pangapunteaning dosa.
- k) Tanginipun raga.
- l) Sarta gesang langgeng.

16. **Pandhita : Paladosan Berkah**

17. **Liturgos** : “Pradataning Pasamuwan ngaturaken gunging panuwun dhumateng Bapa Pendeta Purwanto Kurniawan lan sadaya paraga ingkang nyengkuyung lampahing pangibadah punika.

Pasamuwan kinasih, sumangga kita pungkasi pangibadah punika kanthi suka bingahing manah lan mugni katentreman saha karaharjan tansah rumentah wonten ing Bapak Ibu Sadherek sadaya. Pagebluk Covid 19 mila sampun radi lerem, ananging sumangga kita tansah tetep waspada kanthi netepi protokol kesehatan kangge njagi diri kita piyambak utawi njagi sedherek-sedherek kita ing sakiwa tengen kita.

Kita pungkasi pangibadah kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi Sekawan Atus Kawan Dasa, “Kawula Tinuntuna” (KPJ 440) (karepekaken kaping kalih)**

Kawula tinuntuna pasrah nyawa mring Paduka;
tyang kasasar lampahnya, wit krana dosanya.
Awis ingkang angopeni sarta sami preduli;
kawula kaparengna nyebar Injil suci.

18. Liturgos : “Sugeng Dinten Minggu. Gusti Yesus paring berkah.”